

CHEMEN NOU FÈ AN DEPI 2010

Yon Rapò sou Pwogrè SomerVision



Vil Somerville
Majistra Joseph A. Curtatone
Janvye 2019

 SOMERVISION2040

VALÈ NOU GENYEN ANKOMEN YO, KI SOTI NAN SOMERVISION 2030

Nan Somerville, Nou:

- selebre divèsite pèp, kilti, lojman ak ekonomi nou an.
- pwomouvwa karaktè inik rezidan, katye, kolin ak plas publik nou yo, ansanm ak fòs lespri kominate nou an, jan sa eksprime nan istwa, vi kiltirèl ak vi sosyal nou an, epi sans pwofon angaman sivik nou an.
- investi nan kwasans yon baz ekonomik ki djanm epi ki santré dou sikilasyon, jenere yon gwo varyete opòtinite travay, li kreye yon popilasyon ki aktif lajounen, li sipòte biznis endepandan lokal epi li sekirize oto-sifizans fiscal.
- pwomouvwa yon peyizak iben dinamik ki favorab pou transpò publik, redwi depandans pa rapò ak machin, epi ki aksesib, akeyan ak san danje pou tout pyeton, moun sou bisiklèt ak pasaje bis ak sòbwey yo.
- bati yon lavni ki dirab grasa yon lidèchip anviwonmantal ki solid, mòd transpò ki ekilibre, espas pou divètisman ak kominotè ki agreyab, kokennchenn lekòl ak opòtinite edikasyon, sante kominotè ki amelyore, opsyon lojman ki varye ak bon mache epi pwoteksyon resous natirèl nou yo.
- angaje nou anfavè inovasyon san rete ak afirme responsabilite nou pa rapò ak jenerasyon ki genyen kounye an ak pi devan nan tout aktivite nou yo: biznis, teknoloji, edikasyon, boza ak gouvènman.

Tab dè Matyè

ENTWODIKSYON	2
EVALYASYON DONE YO	4
DJÒB YO	6
EKTA ESPAS DEYÒ YO	8
INITE LOJMAN YO	10
DEPLASMAN DIRAB	12
DEVLOPMAN TRANSFÒMATIF	14
PWOGRESYON POU REYALIZE VIZYON NOU AN	16
KATYE YO	17
PLAS PIBLIK AK RI PRENSIPAL YO	19
RESOUS YO	21
TRANSPÒ AK ENFRASTRIKTI	23
LOJMAN	25
PWOCHEN ETAP YO	28



Rapò sa a se Biwo Planifikasyon Estratejik ak Devlopman Kominotè a ki te prepare li.

Logo SomerVision2040 lan te jwenn enspirasyon li nan kouvèti atistik SomerVision2030 lan Kelvy Bird te fè ansanm ak Komite Direksyon SomerVision an.



Entwodiksyon

ENTWODIKSYON

Yon plan konplè se, esansyèlman, yon kalkil ki entegre le chanjman: kisa nou vle chanje ak nan kisa nou vle rete menm jan?

Sou twa (3) zan, kominote Somerville la regwoupe pou reponn kesyon sa a presizeman epi pou kreye SomerVision: Plan Konplè Somerville lan pou lane 2010-2030 (SomerVision 2030). Pati konsènen yo te tonbe diskite avèk pasyon pandan yo t ap analize plis pase 50 pwen kontak pou imagine lavni nou vle pou vil nou an. Grasa pwosesis sa a, kominote an te idantifye objektif ak endikatè kle ki ta asire pou Somerville kontinye ye yon kokennchenn kote pou viv, travay, pran plezi w ak fonde yon fanmi.


Kounye an, pandan n ap rive sou 10zan nan pèspektiv tanporèl plan an, li lè pou revwa SomerVision epi pwolone vizyon an jiska 2040. Vil la ap planifie yon efò publik ak kominal pou aktyalize plan an, epi l ap konsantre an patikilye sou chif, objektif, politik ak pi gwo priyorite emplémentasyon SomerVision yo.

Anvan pou nou kòmanse ak pwosesis mizaou sa a, li itil pou egzamine sa nou te akonpli depi nou te adopte SomerVision pou premye fwa. The Path Since 2010 kapte sèten nan pwogram ak inisyativ yo te mete anplas depi lè yo te adopte SomerVision epi li entwodwi nouvo plan ak etid larechèch ki te fèt yo. Si w ta renmen wè yon lis konplè tout akonplisman sa yo, al gade nan SomerVision 2040.com. Epitou, dokiman sa a kòmanse evalye kesyon difisil yo ke pwosesis revizyon nou ap pral konfwonte konsènan valè, objektif ak estrateji nou yo antanke kominote.

Objektif Vil la pou SomerVision 2040 se ankouraje angajman plis moun ak moun ki soti toupatou nan lasosyete lan sa posib, anmenmtan l ap kreye opòtinite pou kontribye ki pral enteresan ni pou rezidan nou yo ki okipe anpil epi ki vle bay opinyon yo rapidman sou kesyon enpòtan ansanm ak moun ki vle patisipe plis toujou grasa deba konsènan politik ak estrateji espesifik. Vin ede nou defini lavni nou an!



Obsèvasyon amizan sa yo kapte sèten nan sijè ki te enpòtan pou Komite Direksyon an pandan yon reyinyon SomerVision 2030.



spoke

Evalyasyon
Done yo




Evalyasyon Done yo

Done ak Chif SomerVision (Somerville Numbers) se eleman yo site pi souvan nan tout 500 politik ak aksyon ki dekri nan plan an. Yo kapte obektif espesifik ki gen pou wè ak pwodiksyon lojman, espas deyò, kreyasyon anplwa ansanm ak lòt sijè enpòtan toujou. Seksyon sa a pral detaye pwogrè nan moman an pa rapò ak divès endikatè kle sa yo.

Yon obsèvasyon osijè done yo: Pwosesis publik SomerVision 2030 lan te kòmanse an 2009. Yo te adopte plan an an 2012, men li konsène ane 2010 a 2030 yo. Kolèk entèn done yo pou SomerVision Numbers fèt sou labaz Sètifikasi Okipasyon (Certificates of Occupancy), ki se yon ekspresyon yo itilize nan konstwksyon batiman pou endike moun gendwa antre abite nan biling lan. Kad tanporèl SomerVision lan se apatide 2010 rive 2030, sa ki vle di, menmsi yo te otorize pwojè an 2010, yo pa t rive nan faz okipasyon ak prezante rapò jiska 2011.

Byen entandi, SomerVision Numbers yo pa anrejistre tout endikatè ki enpòtan pou kominate a-tankou, pa egzanp, pwoteje divèsite sosyo-ekonomik la (Ilustrasyon 2)—demann k ap evolye nan rejon metropolitèn oswa Vil nou an, oubyen manifestasyon fizik de kijan yo reyalize objektif sa yo. Pa egzanp, Konsèy Planifikasyon Rejon Metropolitèn lan estime ke popilasyon Somerville ta kapab atenn 95,000 moun nan lane 2030 oplita (Ilustrasyon 1). Pou planifikasyon senaryo, chanjman nan grann tandans yo kapab debouche sou “yon pi gwo kwasans nan popilasyon an, plis demann lojman ak yon mendèv ki ogmante anpil” (Pwojeksyon MAPC sou Popilasyon ak Demann pou Lojman nan Rejon Metropolitèn Boston). Rekadre kesyon reyjonal sa yo nan konvèsayon pou SomerVision 2040 lan enpòtan pou nou


Ilustrasyon 1: Evolisyon Popilasyon an nan Letan



Biwo Resansman Etazini, Resansman pou 10 zan (1950-2010) ak Sondaj Komunitate Amerikèn (American Community Survey, ACS) Estimasyon sou 1 lane (2017), MAPC Pwojeksyon MAPC sou Popilasyon ak Demann pou Lojman nan Rejon Metropolitèn Boston (MAPC Population & Housing Demand Projections for Metro Boston (2020, 2030))

Popilasyon Somerville la te ogmante pou 7% soti 2010 rive 2017.

Ilisatrasyon 2: Fwaye ki klase selon Revni (2013-2017)



Biwo Resansman Etazini Estimasyon ACS sou 5kan (2013-2017)

kapab asire nou ka atenn nenpòt kantite nouvo sib oubyen objektif.

DJÒB YO

SomerVision Number:


30,000 nouveau djòb nan yon plan responsab pou kreye opòtinite pou tout travayè ak antreprenè nan Somerville.

Pandan pwosesis SomerVision an, manm kominote te idantife ke rezidan Somerville yo kite an mas chak ou vil la pou ale nan sant ki gen travay nan lòt kominote. Sa domaje plas piblik lokal nou yo ki bezwen popilasyon lajounen pou yo kapab bél, sa mete yon chaj sou rezidan yo ki fè ale-retou toulejou, epi sa ogmante blokis sikilasyon reyjonal la. Objektif 30,000 nouveau djòb yo te kreye pou bay aksè nan djòb pou mendèv nou an selon yon to 1 pou 1, ki vle di pou chak rezidan ki gen laj pou travay nan Somerville, ta genyen tou yon djòb.

Selon swivi done entèn la, yo te kreye 6,848 djòb ant 2010 ak 2018, epi n ap prevwa ke pral gen 735 lòt anplis an 2019, sa ki bay 7,583 ototal. Sa sijere ke nou pral atenn 25% nan objektif nou an anvan fen 2019.

Kwasans sa a se rezulta plis pase 2 milyon pye kare nouveau pwojè komèsyal, laboratwa ak detayan, kote 92% ladann te rive nan zòn ki gen yon gwo enpak (transformative areas). Katye ki rele Assembly ak North Point se kote ki gen plis nan nouveau djòb yo: 6,085 nan Assembly ak 585 nan North Point (gade Ilistrasyon 5).

Ilustrasyon 3: Djòb yote kreye



Kijan yo kalkile li?

Nou itilize estanda ki anplas nan sektè aktivite an pou kalkile konbyen djòb yo ka konsidere nan kategori nouveau pwojè a. Nou estime ke yo kreye yon djòb pou chak:

- 500 pye kare nouveau espas vant detayan;
- 200 pye kare nouveau espas pou biwo; ak
- 440 pye kare nouveau espas laboratwa.

Nou swiv chak pwojè imobilye nan vil la pou wè si tip espas sa yo kreye vreman kantite djòb nou te prevwa a.

Anplis de kantite dòb sa yo, li itial pou konsdere tip djòb yo nan vil la tou. Alèkile, anpil nan djòb Somerville yo nan sektè swen sante, detayan ak restoran (al gade nan Ilistrasyon 4). Sektè ekonomi a nou prevwa ki ta dwe kreye plis djòb la nan nouveau pwojè imobilye Somerville yo, sepandan, gen ladann

dizayn sistèm enfòmatik, devlopman lojisyèl, larechèch ak sèvis devlopman (al gade Etid ki rele Somerville Linkage Fee Nexus Study pou jwenn plis enfòmasyon). Estimasyon sa yo endike yon chanman potansyèl nan tip sektè ekonomik ki pi enpòtan pou mendèv Somerville la.

DIFIKILTE YO

Gen sèten obstak k ap bare wout nou pou atenn SomerVision Number sa a. Premyèman, nou bezwen etabli sèten katye kòm sant pou anplwa. Kounye a, biznis yo pito gen prestij yon adrès nan Boston oswa Cambridge. Dezyèman, building komèsyal yo pi difisil pou konstwi pase lojman paske gen plis risk finansye nan imobiliye komèsyal pase nan pwojè imobiliye rezidansyèl, sa ki fè obstak pou prete lajan an pi wo toujou.


Pwobableman, yo pral “konstwi Somerville pou l adapte” ak pwojè imobiliye komèsyal yo kote pifò nan lokatè yo siyen yon kontra lokasyon anvan yo kòmanse konstwi. Devlopman espekilatif, ki vle di pwojè imobiliye komèsyal yo kòmanse san okenn angajman sou fòm yon kontra lokasyon, pral rive sèlman nan mache komèsyal ki gen plis matirite yo pandan sikl ekonomik ki pi solid yo. Pa egzanp, Cambridge Crossing, ki regwoupe Cambridge, Somerville ak Boston, te kòmanse konstwi nouvo katye jeneral Phillips la espekilativman, men se pa yon bagay nou panse ki pral rive nan lòt distri komèsyal. Pou sirmonte difikilte sa yo nan mache prive a, Vil la pral bezwen atire biznis tankou Partners ki vle konstwi pwòp espas pa yo nan Somerville, anmenmtan y ap envesti nan inisyativ devlopman mendèv la ki nesesè pou ede rezidan Somerville yo antre an konpetisyon pou nouvo djòb sa yo.

Ilistrasyon 4: Pi gwo sektè aktivite nan Somerville (2015)

Endistri	Djòb	Pataje
Swen sante ak Asistans sosyal	6,261	23%
Komès detayan	4,181	15%
Ospitalite ak Sèvis manje	3,430	12%
Administrasyon ak Sipò, Jesyon dechè ak Reyabilitasyon	2,459	9%
Lòt Sèvis (Adminitrasyon Piblik la ladann)	1,883	7%

Biwo Resansman Etazini, Aplikasyon OnTheMap ak LEHD Orijin-Destinasyon Estatistik Anplwa

Ilistrasyon 5: Djòb ki kreye yo prezante pou chak Katye



Alèkile, Somerville gen mwens pase yon djòb pou chak de (2) rezidan ki gen la pou travay.

Sous: Done sou Anplwa ak Salè nan Massachusetts ak Estimasyon sou 5kan Sondaj Kominote Amerikèn (Massachusetts Employment and Wage Data and American Community Survey 5-Year Estimates).

EKTA ESPAS DEYÒ YO

SomerVision Number:

55,60 nouveau ekta espas deyò ki aksesib pou tout publik la ki fè pati de plan reyalis nou an pou ofri espas kominotè bonjan kalite epi ki byen pwograme.


Somerville gen pi piti kantite espas deyò yo pa tèt abitan nan Massachusetts, sa ki plizoumwen previzib etandone ke se kominote ki gen pi gwo dansite popilasyon nan New England. Manm Komite Direksyon an, ki konprann avantaj enpòtan pou sante ak divètisman espas deyò yo bay, te fikse yon objektif anbisye pou gen 55.60 ekta nouveau espas deyò.

Yo te kreye enpe plis pase 6 ekta depi 2011, sa ki reprezante yon pwogresyon 12% pou reyalize SomerVision Number (al gade Ilustrasyon 6). Menmsi nou pa atann okenn lòt espas deyò anplis pou vin dsponib anvan fen 2019, gen anviwon 2 ekta espas deyò anplis y ap prepare nan ArtFarm, 5 Palmer, 35 Richardson ak Ekstansyon Chemen Kominotè (Community Path Extension) a (al gade Ilustrasyon 8).

Anplis ke yo te ajoute sipèfisi, Vil la te konsantre sou renovasyon pak ak lakou lekòl ki la deja. Yo renove 20 pak depi 2010, epi yon lòt renovasyon toujou ta dwe fini an 2019 nan Prospect Hill Park.


Jan sa endike nan Ilustrasyon 7 la, mwatye nan espas deyò Somerville lan pasif, sa ki vle di espas yo byen adapte pou

Ilustrasyon 6: Nouvo Espas Deyò yo ka itilize



Teren divètisman nou yo gen **15,000 èdtan itilizasyon chak ane**, epi 70% nan tan sa a rezève pou aktivite lajenès.

Ilustrasyon 7: Espas deyò ki klase selon Tip Izaj




Sous: Transpò ak Enfrastrikti OSPCD

yo pa t kapab otorize demann pou 3,000 èdtan teren espòtif ane pase paske teren an pa t disponib pou tout demann sa yo. Yon lòt egzanz se jaden kominotè, ki gen yon lis datant ki depase 200 moun. Si yo kreye plis espas deyò, ideyalman, n ap kapab bati lòt kalite pak ak espas natirèl pou divès aktivite epi ede satisfè bezwen nan sèvis yo.

DIFIKILTE YO

Yon difikilte ki evidan pou nenpòt minisipalite ki gen yon gwo densite popilasyon k ap eseye kreye plis espas deyò, se jwenn teren an pou pwojè sa yo. Men gen yon difikilte anplis ki se yon difikilte finansyè: pou kreye espas deyò sa koute selon estimasyon yo \$6.2 milyon dola pou chak ar (acre) ikonpri akizisyon, dizayn ak konstriksyon. Selon estimasyon resant yo, total la pou reyalize SomerVision Number se \$629

Ilustrasyon 8: Nouvo Espas Deyò yo ka itilize, 2012-2018



milyon dola—kat (4) fwa plis pase obligasyon pou novo lise a—anplis de mentenans ak chaj ekplwatasyon san rete yo.

SomerVision 2040 se yon kokennchenn opòtinite pou evalye fezabilite objektif 50.60 ekta an; diskite lòt endikatè kle pou siksè espas deyò yo tankou aksè, kalite, varyete ak presyon sou enstalasyon yo; epi konsidere estrateji pou kreye plis espas deyò nou sitèlman bezwen toupatou nan vil la.

96% nan kay Somerville yo chita nan yon distans ki pa plis pase 1/4 mil pa rapò ak yon teren je pou timoun.

INITE LOJMAN

SomerVision Number:

6,000 nouvo inite lojman—1,200 ki bon mache pou tout tan—sa ki fè pati nan yon plan sansib pou atire epi kenbe pibon atou Somerville: rezidan li yo.


SomerVision Number pou nouvo inite lojman sanble li te anbisye nan moman an akòz Gwo Resesyon an. Depi lè sa, lavi ibèn vin yon bagay moun vle anpil pam jenerasyon baby boomers ak millennials yo. Ogmantasyon demann sa a, ansanm ak yon ekonomi solid epi pwodiksyon lojman ki pa adapte fè ke lavi nan vil tankou Somerville vin pi chè toujou.

Yo te kreye 1,917 nouvo inite lojman depi 2011, 387 ladann bon mache (al gade Ilustrasyon 9 ak 10) epi plis pase 1,000 ladann chita nan Assembly (al gade Ilustrasyon 11). Nou prevwa 354 inite anplis, 51 ladann ap bon mache, an 2019. Sa ve fè 2,271 inite lojman ak 438 inite lojman bon mache anvan fen ane 2019, sa ki reprezante plis pase yon-tyè objektif nou yo ak anviwon yon-tyè nan chemen ki rete a pou respekte delè plan SomerVision 2030 lan.

DIFIKILTE YO

Malgre akonplisman sa yo, relokalizasyon se yon risk ki reyèl pou twòp rezidan. Selon Estimasyon 2012-2016 ACS sou 5kan yo, plis pase yon-tyè nan kay Somerville yo, sètadi ni lokatè ni pwopriyetè yo, ap soufri anba chaj lojman, ki vle di y ap peye plis pase 30% nan revni yo pou depans lojman. Selon

Ilustrasyon 9: Kantite Inite Lojman ki kreye




An 2018, Ekip Entèvansyon Lojman Rejyonal Majistra Zòn Metwopolitèn (Metro Mayors Coalition Regional Housing Task Force), Majistra Curtatone vil Somerville se ko-prezidan li, anonse entansyon li pou kreye lojman rejyonal: **185,000 inite lojman otatal ant 2015 ak 2030.**


Evalyasyon Bezwèn Lojman Vil la pou 2015, revni mwayen pou kay moun k ap lwe nan Somerville se sèlman \$58,510 pa ane, men moun bezwen yon revni ki depase \$95,000 pou kapab peye lwaye mwayen nou konstate nan vil la.

Anplis difikilte finansyè sa yo, sib òf nou an ka pa anbisye ase. Rapò 2014 sou Dimansyon Relokalizasyon ki soti nan Konsèy

Ilustrasyon 10: Inite lojman bon mache ki kreye



Ilustrasyon 11: Plan Inite lojman ki kreye yo



Pami nouvo inite lojman bon mache yo, yo te kreye 47 grasa Pwogram **100 Kay** (100 Homes Program), ki se yon kolaborasyon ant Vil la ak Somerville Community Corporation an pou reyabilite pwopriete sou mache a epi kenbe yo antanke lojman ki bon mache.

Planifikasyon Zòn Metropolitèn (Metropolitan Area Planning Council, MAPC) la te prevwa ke Somerville ka bezwen jiska 9,000 nouvo inite lojman anvan fen 2030 pou satisfè demann la epi kenbe pri ki bon mache. Pami 9,000 nouvo inite yo, MAPC panse 35% ta nesesè pou fwaye ki pa gen anpil revni.

Se pa yon pwoblèm ak òf la sèlman y ap dwe rezoud pou kapab asire gen ase lojman ki disponib ki bon mache ak aksesib; n ap bezwen yon estrateji ki atake pwoblèm la sou plizyè fwon pou nou kapab atenn objektif nou yo. Dwe gen plis diskisyon toujou pou detèmine nivo pri ki bon mache ak nivo kolaborasyon reyjonal ki apwopriye. Men l ap enpòtan pou nou revwa SomerVision Number sa a, sepandan, pou SomerVision 2040.

DEPLASMAN KI DIRAB

SomerVision Number:


50% nan novo deplasman yo grasa pasaj ale-retou, bisiklèt oswa apye nan yon plan ekitab pou aksè ak sikilasyon pou rive nan Vil la ak toupatou nan Vil la.

SomerVision Number sa a te chwazi pou asire ke novo devlopman an pa t ap jennen vil la epi kreye blokis nan sikilasyon, men olye desa pou li ankorajé konpòtman tranpsò ki pi dirab pou rezidan ak anpwlaye novo espas lojman ak komèsyal yo.

Poutèt objektif sa a te estriktire pou konsidere pòsyon deplasman yo novo pwojè imobilye a te kreye, li pa t mezirab pou prèske tout tan ki pase depi yo te adopte SomerVision. Li kapab konplike pou swiv chanjman nan konpòtman deplasman moun eksepte novo pwojè imobilye a oblige rapòte kijan rezidan ak anplwaye novo biling yo deplase pou ale lakay yo oswa nan travay yo sou yon baz anyèl.

Vil la pou kounye a bezwenjesyon mobilite pou novo pwojè imobilye nan distri Union Square Overlay ak Assembly Square Mixed-Use lan. Pwopriyetè kay nan zòn sa yo kòmanse mete anplas plan jesyon mobilite ki apwouve, ikonpri rapòte enfòmasyon sou fason moun deplase ale-tounen nan building sa yo. Aprè yon peryòd kolèkte done, chanjman nan konpòtman deplasman kapab analize pou wè si n ap atenn SomerVision Number sa a.

Ilustrasyon 12: Pousantaj Moun ki gen machin nan Letan




Sous: Done taks eksiz Vil la; Estimasyon kantite machin nan chak kay se yon kalkil OSPCD ki itilize estimasyon fwaye Resansman an.

Poukisa nou pa ka swiv objektif SomerVision lan?

Re-òganizasyon Zonaj la bezwen gwo pwojè imobilye komèsyal yo pou yo mande anplwaye yo fè sondaj sou abitid deplasman ale-retou yo, sa ki pral pèmèt nou analize pibyen SomerVision Number sa a pi devan.

Ilustrasyon 13: Mòd deplasman arive yo nan Davis Square, anvan midi




Plan Katye Davis Square lan (Vèsyon preliminè)

Pandan y ap kolekte done sa yo, nou ka analize lòt endikatè pou detémine si nou sou bon wout la, ikonpri pou santaj moun ki gen machin, kantite pasaje nan transpò ale-retou ak novo enfrastrukti. Si Ilistrasyon 12 montre pou santaj moun ki gen machin te ogmante depi 2010, done MBTA yo montre deplasman ale-retou pasaje lasemèn yo ogmante nan Davis Square ak sou wout bis Somerville yo (Ilistrasyon 14).

Anplisdesa, aksè nan transpò ale-retou pral ogmante anpil byento akòz arive 6 novo estasyon sou Liy Vèt la an 2021. Pou kounye a, 15% rezidan yo rete nan yon distans ki mwens ke 1/2 mil ak yon estasyon sòbwey, men lè Ekstansyon Liy Vèt la pral louvri, pou santaj sa a pral ogmante pou 85%. Done resant yo endike ke 62% nan arive nan Davis Square lematen pandan lè de pwent yo rive ak mòd transpò ki dirab (Ilistrasyon 13), epi nou prevwa ke novo estasyon yo ak Chemen Kominotè pwolonje a pral ankouraje sèten chofè pou chwazi lòt mòd transpò tankou mache, bisiklèt oubyen transpò publik.


Anplisdesa, Vil la kontinye fè envestisman chak ane nan enfrastrukti pou bisiklèt ak pyeton ki ogmante disponibilite ak sekirite mòd transpò sa yo ki pi dirab. Jan sa make nan Ilistrasyon 15, kantite total koulwa pou bisiklèt an maylz (mil) te ogmante soti nan mwens ke 4 maylz an 2009 pou depase 17 maylz an 2018.

Ilistrasyon 14: Kantite mwayèn pasaje nan transpò ale-retou (2010 konpare ak 2016)



Ajans Transpò Massachusetts Bay

Ilistrasyon 15: Kantite total koulwa pou bisiklèt an maylz



OSPCD Transportation & Infrastructure Division

Senkwonizasyon siyalizasyon: bèl bagay!

Se pa novo enfrastrukti sèlman ki enpòtan. Nan Plan Katye Davis Square lan, Vil la te aktyalize senkwonizasyon siyal sikilasyon nan Davis Square pou amleyore sikilasyon machin ak pyeton. Kife, chak pasaj pyeton gen 8 siyal travèse anplis pa èdtan, epi done yo gentan kolekte yo montre bis yo ap pase entèsekyon an 35 segonn pi vit pase anvan.

DEVELOPMAN KI GEN YON GWO ENPAK

SomerVision Number:

85% nan novo pwojè imobilye yo chita nan zòn transfòmativ, konfòmeman ak yon plan previzyon itilizasyon teren ki pwoteje pèsonalite katye yo.


Yon tèm prensipal nan SomerVision 2030 se nesesite pou pwoteje sa ki bél nan Somerville anmenmtan n ap ankouraje itilizasyon miks, devlopman ki oryante sou transpò ale-retou nan zòn estratejik pou kore objektif djòb ak lojman nou yo. SomerVision Number an rezime priorite sa a, lè li fikse yon sib 85% novo pwojè imobilye yo nan zòn transfòmativ yo. Al gade Ilistrasyon 17 pou jwenn yon plan tout katye yo konsidere ki transfòmatif.

Selon swiv done entèn nou an, 5.7 milyon pye kare pwojè imobilye a fin konstwi, epi 3.7 milyon ladann te nan zòn ki transfòmativ. Sa vle di 65% pwojè imobilye yo depi 2010 te fèt nan zòn transfòmativ. Jan sa make nan Ilistrasyon 16, 89% nan djòb SomerVision ak 51% nan inite lojman SomerVision yo te kreye nan zòn ki transfòmativ.

Pifò nan pwojè imobilye yo ak 59% pwojè imobilye nan zòn transfòmativ yo, chita nan Assembly Square. Sa gen ladann Blocks 1-6 nan Assembly ak biling Partners HealthCare lan. Assembly Square, Union Square ak enpe nan Boynton Yards ta dwe absòbe lòt pwojè imobilye anplis yo akoutèm.

Nan lòt katye transfòmativ yo, tankou Brickbottom ak Inner

Ilistrasyon 16: Pousantaj novo pwojè imobilye nan zòn transfòmativ yo



59% tout pwojè imobilye transfòmatif te fèt nan Assembly Square.


Photo: Avalon at Assembly

DIFIKILTE YO


Pi gwo difikilte an pou devlope zòn transfòmativ yo, se pou ekilibre bezwen Vil la ak mache prive a. Nou vle pou zòn transfòmativ yo kapab fè tout bagay – ofri lojman, djòb ak espas deyò ansanm ak resous pou rezidan ki la deja ak rezidan k ap vini apre yo. Sepandan, nou bezwen mache prive a, atravè pwojè imobilye yo, pou ede nou atenn objektif sa yo.

Katye transfòmatif sa yo gen yon karaktè endistriyèl istorikman, ki vle di ke pou reyalize objektif nou yo, yo bezwen envestisman tou pou bati novo ri, enfrastrikti ajou tankou egou epi, souvan, netwayaj anviwònmantal anvan novo pwojè endistriyèl la kapab fèt. Anpil nan travo sa yo te deja egzekite nan Assembly Square grasa lajan publik ak prive, men menm senaryo sa a dwe rive nan lòt zòn transfòmativ yo tou.

Ilustrasyon 17: Kat SomerVision an



Kat sa a sanblab ak Kat SomerVision lan ki afiche nan SomerVision 2030, men li idantifye pasèl egzak yo ki enkli nan distri transfòme, pwoteje ak mete an valè yo.



Progresyon
pou reyalize
Vizyon
nou an

Progresyon pou reyalize Vizyon nou an

Seksyon sa a analize objektif ki idantifye yo nan SomerVision epi li eksploré divès aktivite planifikasyon ak devlopman politik ki te rive depi lè sa a, sa ki pral bay enfòmasyon itil pou prepare yon bon dokiman SomerVision 2040. Epitou, nou etabli pwofil sèten nan pamí pi gwo siksè nou te genyen antanke kominote pou pouswiv objektif sa yo. Al gade nan [SomerVision2040.com](#) pou jwenn yon lis konplè tout mezi ki gen tan anplas.

KATYE YO

Objektif pou Katye yo konsantre sou bon kalite lavi, pwoteksyon katye rezidansyèl ak itilizasyon miks solid vil la epi ofri plis opòtinite pou angajman sivik.

Youn nan pi gwo inisyativ Vil la nan moman an, epi yon inisyativ ki enplike piò aksyon SomerVision yo, se re-òganizasyon kòd zonaj la. Zonaj la règlemente anviwònman ki konstwi a, kidonk li esansyèl pou pwoteje ak amelyore karaktè katye a, sipòte biznis lokal yo epi pèmèt devlopman toutotou estasyon transpò deplasman ale-retou yo. Y ap analize kounye a twazyèm vèsyon re-òganizasyon an avèk Konsèy Aldermen lan. W ap jwenn plis enfòmasyon osijè zonaj la nan SomervilleZoning.com.

Nan plizyè katye espifik, Vil la te travay ak rezidan yo pou kreye plan pou katye yo. Sa yo gen ladann Union Square, Winter Hill, Gilman Square, ak Zòn Estasyon Lowell Street lan. Plan Katye Davis Square lan pral konplete byento. Plan yo te kreye jan SomerVision te dikte a epi yo ede vizyalize kijan katye a kapab sipòte objektif SomerVision yo; pou fè sa, yo bay sijesyon sou sit entèkalè ki sible yo, li idantifye pwen

Objektif SomerVision 2030 yo: Katye yo

- Angajman sivik** | Angaje manm kominote a nan vi sivik ak nan pran desizyon, pou eseye gen reprezantasyon ak patisipasyon ki divèsifye.
- Sant Katye yo** | Ranfòse ak sipòte sant komèsyal katye yo ki gen ladann iza rezidansyèl, ki ofri destinasyon ki vivan epi ki kontribye nan idantite Somerville ki pa gen parèy li.
- Ti Biznis ak Antreprenarya** | Pwoteje ak pwomouvwa yon melanj divèsifye ak enteresan ti biznis nan katye Somerville yo.
- Karaktè Katye a** | Pwoteje ak mete an valè karaktè katye Somerville yo, pèmèt antretien ki sansib, fezab ekonomikman ak re-itilizasyon adaptive bilding istorik yo, ak respè pou fòm ak modèl yo anmenm tan n ap pwolonje eritaj architektiral Somerville lan.
- Sit entèkalè nan Katye yo** | Fasilité devlopman ki oryante sou transpò ale-retou, sit entèkalè nan katye lè sa amelyore karaktè anime, ki adapte pou moun epi kote yo kapab mache ki tipik blòk ak katye Somerville yo.
- Anviwònman** | Amelyore kalite anviwònmantal nou pataje ansanm nan katye a.
- Kalite lavi** | Pwomouvwa katye iben ki esansyèl, sen, eklizif ak distenktif ki se pi bon kote posib pou moun abite, travay, jwe, fè biznis, aprann ak bay sèvis.

daksyon ki espesifik pou chak katye epi li kreye plan alontèm pou anplasman byen tankou espas deyò yo. Kou yo adopte li, Vil la, asosye ki nome yo, pati prenant yo ak rezidan yo pral responsab pou divès aspè mizanplas la.

Biwo Dirabilite ak Anviwònman (The Office of Sustainability and the Environment) an t ap konsantre sou aspè anviwòn-

mantal objektif SomerVision pou katye yo. Depatman an te òganize yon pwosesis planifikasyon chanman klimatik sou plizyè ane ki te debouche sou Somerville Climate Forward, yon plan pou bese kontribisyon Somerville nan chanjman klimatik nan bese emisyon kabòn kolektif ni Vil la ni rezidan li yo, epi pou prepare Somerville pou pwospere malgre enpak potansyèl chanjman klimatik la genyen tankou tanpèt, inondasyon ak vag chalè.

Pou ede amelyore angajman sivik, Majistra Curtatone te etabli Ekip Entèvansyon pou Eleksyon ki Pwòp ak Transparan (Clean and Open Elections Task Force) an 2018 pou prezante rekòmandasyon sou fason pou ogmante patisipasyon votè yo, bese obstak pou yon moun kandida epi ogmante ouvèti ak transparans jeneral pwosesis elekson yo. Ekip entèvansyon an te prezante yon rapò ki gen 16 rekòmandasyon pou amelyore vòt ak elekson yo nan Somerville. Jiskaprezan, Majistra a te prezante yon petisyon ki rele Konpetans Lokal (Home Rule) ki kouvri de (2) nan rekòmandasyon Ekip Entèvansyon an, kòmkwa pou yo otorize rezidan ki pa sitwayen ak rezidan ki gen plis pasek 16zan patisipe nan vòt minisipal la, bay Konsèy Aldermen lan pou li reflechi sou sa.

Si w bezwen plis enfòmasyon konsènan mizanplas ki byen reyisi, al gade nan SomerVision2040.com.




Dalaj pasèl prive ak sifas enpèmeyab nan katye yo se te youn nan sijè yo te diskite nan seksyon Katye yo. Foto sa a se sèten nan peyizaj ki asosye ak yon pwojè imobilye, sa ki va ede jere dlo lapli.

Siksè nan mizanplas: Katye yo



SomerViva
Depi 2013, SomerViva te ofri yon kokennchenn sipò pou moun ki pa pale Angle natifnatal ak imigran yo nan kominate nou an.



Ri Prensipal Union Square yo
Òganizasyon moun gendwa konnen l akòz Fluff Fest li organize chak ane, epi li kolabpre ak biznis nan Union Square grasa sipò finansye Vil la.



Enèji dirab
SustainaVille gen plizyè inisyativ pou efikasite ak enèji renouvlab, ikonpri Solarize yo, ki te ogmante kapasite enstale vil la pou plis pase 500 kW.

PLAS PIBLIK AK RI PRENSIPAL YO

Seksyon Plas Piblik ak Ri Prensipal yo, yo te konn rele anvan "Koridò Komèsyal, Plas Piblik ak Distri Kwasans" jan sa make nan SomerVision 2030 pou endike pibyen anviwònman konstwi nou an, gen ladann plizyè obektif ki konsantre sou pwojè imobilye nan Somerville ak kijan li abòde priyore tankou devlopman mendèv, responsabilite fiskal ak kreyasyon djòb.

Se vreman yon moman enteresan pou moun ki Somerville kote ane planifikasyon ap bay rezulta. Depi adopsyon SomerVision, Assembly Square te tounen yon sant iben ak yon nouvo estasyon MBTA epi plis pase yon milyon pye kare nouvo pwojè imobilye ki gen ladann 1,000 rezidans, nouvo plaza ak Baxter Riverfront Park ki renove.

Sèten pati nan Union Square ap pare pou transfòmasyon yo tou. Vil la te siyen yon akò prensipal pwomotè imobilye avèk US2 pou kreye pwojè imobilye izaj miks, ki anfavè pyeton epi ki byen elabore nan SomerVision ak Plan Katye an te anvizaje. Òganizasyon tankou Konsèy Katye Union Square ap travay anpil èdtan pou ede asire ke pwojè imobilye a ap avantaje kominote a, avèk prekosyon epi efikasman, jan sa posib. Pwojè imobilye sa yo, ansam ak pwosesis planifikasyon, jiridik ak kominotè ki asosye avèk yo, gen yon gwo responsabilite nan reyalizasyon objektif SomerVision yo nan seksyon sa a.

Transfòmasyon katye sa yo enpòtan pou oto-sifizans finansyè anmenmtan èd Eta a ap bese. Estratei alontèm lan se pwomouwwa nouvo kwasans komèsyal, yo takse plis, pou kapab

Objektif SomerVision 2030 yo: Plas piblik ak Ri Prensipal yo

- Oto-sifizans fnansyè** | Pwomouwwa oto-detèminasyon finansyè minisipal epi redwi dependans fiskal sou èd Eta a bay ak sou taks rezidansyèl ak chaj.
- Devlopman dòb ak Biznis Emèjan** | Fè Somerville tounen yon sant anplway reyonal grasa yon melanj djòb bon kalite ki divèrsifye.
- Anviwònman komèsyal** | Sipòte yon anviwònman komèsyal ki favorab pou fè biznis pou atire epi kenbe anpil biznis diferan ki demare, devlope epi rete la.
- Kapital Imen** | Envesti nan talan, konpetans ak edikasyon pou kore kwasans lan epi kreye opòtinite pou tout rezidan nan tout nivo sosyo-ekonomik.
- Konektivite** | Relye koridò, plas piblik ak distri kwasans pou kore devlopman ak aktivite ekonomik la pi devan.
- Devlopman Transfòmatif** | Transfòme zòn kwasans kle yo, tankou Assembly Square, Inner Belt, Brickbottom, Boynton Yards, ak pati Sid-ès Union Square fè yo tounen distri izaj miks ki oryante sou transpò ale-retou ki sèvi kòm motè ekonomik pou konplete katye Somerville yo.
- Itilizasyon komèsyal miltip ak Sit Entèkalè** | Fasilite devlopman ki byen panse, oryante sou pyeton ak izaj miks epi opòtinite itilizasyon miltip nan koridò komèsyal, plas piblik yo ak toutotou estasyon transpò piblik ki sansib pou kontèks katye a, epi ki sèvi biznis ki la deja ak sa yo k ap vini pi devan.

redwi responsabilite fiskal rezidansyèl pou kay Somerville yo. Menmsi nouvo pwojè imobilye poko fè taks yo bese, kwasans komèsyal ap ede bese gwosè ogmantasyon taks rezidansyèl yo.

Yon politik ki ede devlopman komèsyal sipòte lòt objektif SomerVision se chaj lyen ak djòb job linkage fee an. Yo te

adopte chaj la an 2017, swa \$2.46 pa pye kare yo evalye sou devlopman komèsyal ki pi gwo pase 15,000 pye kare epi revni yo jwenn alafen yo mete l nan yon fon pou finanse fòmasyon travay po rezidan yo. Kijan yo kapab depanse finansman sa a yon fason ki pi efikas? Somerville Talent Equity Playbook ede reponn kesyon sa a; li prezante sijesyon estratejik sou fason pou sipòte pi byen devlopman mendèv la selon evolisyon mache travay la, ekosistèm aktyèl resous pou devlopman mendèv yo ak pibon pratik ki genyen nan lòt kominote.

Yon objektif ki bay anpil pwoblèm se kontinyasyon Distri Amelyorasyon Komèsyal (Business Improvement Districts, BID). Vil la te sipòte efò pou kreye yon lwa sou Distri Benefis Kominotè (Community Benefits District, CBD) nan nivo Eta a yo poko apwouve. Vèsyon yon BID sa ki pi fleksib, pi santre sou kominote te yon bon agiman pou ofri kalite sèvis ak komodite nan plas piblik ak distri BID aneneral bay. Etandone lejislasyon sa a poko abouti, Vil la ap dwe konsidere altènativ tankou BID yo ak sipò adisyonèl pou Union Square ak Ri Prensipal yo nan East Somerville, mentou gwoup pi enfòmèl tankou Ball Square Business Association, kit e òganize yon bal pou pak yo A Ball for Squares an septanm pou atire moun sou plas piblik la.

Anplisde aktivite planifikasyon ak politik sa yo, Re-organizasyon Zonaj la jan yo dekri li nan seksyon sou Katye ki nan rapò sa a pral jwe yon wòl tou pou sipòte objektif kreyasyon plis devlopman komèsyal, jan sa dekri nan SomerVision.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan mizanplas ki reysi yo, al gade nan SomerVision2040.com.



Anplis de nouvo devlopman komèsyal transfòmatif, sèten biling ki ansyen nan plas piblik Somerville yo te akeyi nouvo itilizasyon transfòmativ tou. An 2017, RightHand Robotics enstale nan ansyen Biwo Lapòs Union Square la.

Mizanplas ki byen reysi: Plas piblik ak Ri Prensipal yo



Greentown Labs

Pi gwo enkibatè cleantech nan lemonn double sifas yo epi li ajoute yon laboratwa imid grasa finansman fleksib Vil la ba li. Foto: Barry Hetherington



Assembly Square

Pwojè imoblye lojman ak komèsyal, pak, enstalasyon ak yon nouvo estasyon T—Assembly transfòme depi SomerVision 2030.



Mezi atenyasyon pandan faz konstriksyon

Vil la ogmante efò li pou sipòte distri komèsyal travo konstriksyon ap afekte grasa fèt tankou Yon Bal pou Plas Piblik nan mwa septanm 2018.

RESOUS YO

Seksyon Resous SomerVision an gen ladann anpil objektif ki gen pou wè ak byen kominotè yo: enstitisyon kiltirèl, boza, edikasyon ak espas pou rasanble. Li eksplor fòs nou yo epi imajine kijan yo kapab amelyore plis toujou pi devan.

Somerville Public Schools pou kounye a ap antreprann yon pwosesis planifikasyon pou kont pa l, ki rele Somerville Learning 2030. Pwosesis sa a se yon konvèrsasyon pou vizyone opòtinite aprantisaj yo ta dwe mete adispozisyon timoun k ap frekante lekòl. Sa pral vin yon gwo opòtinite pou fè gwo plan konsènan priyrite nou gen ankommen.

Nòmalman, yo toujou konsidere espas publik se pak, men li enkli tout espas publik ant biling yo, ankontan lari, twotwa, plazas ak pak yo. Espas publik se youn nan pi gwo atou nou genyen, men kantite an limite anndan kat (4) mil kare. Depi Vil la adopte SomerVision, li te òganize yon Plan Direktè pou Teren. Li idantifye pwoblèm mank aksè nan gwo teren rektag yo. Jiskaprezan, sa te debouche sou amelyorasyon antretyen teren zèb yo, kreyasyon yon nouvo teren nan Winter Hill Community School, ak pwomès pou envesti nan pwopriyete Eta yo.

Anplis de Plan Direktè pou Teren (Fields Master Plan) an, Vil la te finalize Plan 2016-2023 pou Espas Deyò ak Divètisman (2016-2023 Open Space and Recreation Plan) li an. Dokiman sa a fè ke Somerville elijib pou resevwa finansman Eta a pou pak Vil la men li tee de kantifye ak envantorye presizeman espas deyò nou genyen yo. Obketif plan an gen ladann achte plis tè epi renove pak ak espas deyò yo.

Objektif SomerVision 2030: Resous yo

- Kominote Kreyatif** | Ogmante repitasyon Somerville antanke yon sant pou boza ak kreyativite.
- Espas Kreyatif yo** | Asire n ke Somerville gen yon melanj espas pou pwodiksyon kreyatif, pèfòmans ak ekspozisyon, epi ke boza entegre nan anviwònman ki konstwi a.
- Enstitiyon kiltirèl** | Ede enstitisyon boza ak kiltirèl lokal yo, tankou teyat, film al festival flm, mize ak bibliyotèk pou jwenn siksè, etabli rezo epi devlope.
- Edikasyon** | Ranfòse pwogram edikasyon ak patenarya pwofesyonèl epi ak inivèsite yo andedan lekòl Somerville yo.
- Bòdemè** | Konsidere bòdemè an kòm yon resous ekolojik reyonal, ekilibre aksè kominote a ak sante ekolojik.
- Pak ak Divètisman** | Kreye epi pwogramme yon rezo espas deyò ki amizan ak vwa izaj pataje toupatou nan vil la epi ki polivalan, pwomouvwa mòdvi ki sen, epi konsdere chanjman enterè popilasyon an pou divètisman ak opòtinite kiltirèl.
- Domèn publik** | Dizayn epi kenbe yon domèn publik ki sen ak atrayan ki pwomouvwa koneksyon kominotè, ikonpri ri, twotwa ansanm ak lòt espas publik.
- Enfrastrikti ekolojik** | Maksimise dirabilite anviwònmantal la nan dizayn ak mizanplas tout sistèm enfrastrikti ak enstalasyon publik yo.
- Enèji** | Asire n ke enfrastrikti pou tout sèvis leta bay yo sifi an tèrm de kapasite ak kalite, ke yo gen pibon teknoloji ki disponib la, ki redondan ak sipòte nivo kwasans fiti yo swete a.
- Sèvis Ijans ak Preparasyon** | Asire n administrasyon minisipal Somerville, rezidan ak kominote biznis yo byen pare ak ekipe pou jere sitiyasyon ijans.

Pyebwa yo se yon lòt resous pibl enpòtan pou antretni. An 2018, Vil la te plante 401 novo pyebwa, san konte sa yo li te plante nan pak yo. Gen plis travo kid we fèt pou pwoteje pyebwa ki la yo, etabli estrateji sou sa yo pral plante pi devan, epi jere menas tankou Emerald Ash Borer lan. Kidonk, youn nan sijesyon Plan Espas Deyò ak Divètisman se pou kreye yon Plan Forestye Iben pou rezoud sètan nan pamí pwoblèm enpòtan sa yo.

Epitou, gen amelyorasyon nan domèn publik la chak sezon konstriksyon. Plan Envestisman an gen ladann envestisman anyèl rekiran nan amelyorasyon lari ak twotwa. Anplis de reparasyon anyèl yo, Vil la envesti nan pwojè peyizaj iben estratejik, tankou pou Broadway nan East Somerville. Ameyorasyon peyizaj iben an déjà kòmanse tou nan Beacon Street ak Union Square.

SomerVision pa diskite eksplistman sistèm manje yo, men Evalyasyon Sistèm Manje Shape Up Somerville lan gen yon rapò ak plizyè nan objektif SomerVision yo. Evalyasyon an idantiey peyizak iben aktyèl la ansanm ak opòtinite pou amelyore ekonomi manje lokal la—ni nan kiltive manje ni nan pwodui valè ajoute, komunikasyon konsènan nitrisyon ak resous manje epi aktivite pou bese gaspiyaj. Pwochen etap yo gen ladann divès inisyativ ki mande kolaborasyon tout òganizasyon kominotè yo ak depatman Vil la. Nou ka pran nan aktivite sa yo kòm solisyon pou tabli priyorte nan mizanplas SomerVision 2040.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan mizanplas ki reysi, a; gade nan SomerVision2040.com.

ACTION	vote)	Eco
<p>Model a healthy neighborhood market initiative after successful examples in other communities; partner with the City's Economic Development staff to pilot a low-risk initiative for market owners and operators.</p> <p>Support zoning amendment...</p>		<p>Yon foto ki soti nan kominike rapò Evalyasyon Sistèm Manje (Food Systems Assessment) an, ki sèvi tou kòm yon inisyativ planifikasyon pou idantife pwochen etap ki gen priyore.</p>

Successes in Implementation: Resources



Lise Somerville

Yo déjà kòmanse travo konstriksyon nouvo Lise Somerville lan. Rezulta an se pral yon enstitusyon akademik inovatè, ultra-modèn pou elèv kominote nou an.



Amelyorasyon nan pak yo

75% nan tout pak ak lakou lekòl Vil la posede te fin renove depi 2004. Foto sa a yo te pran nan ouvèti ofisyèl Pak Hoyt-Sullivan la, montre youn nan renovasyon sa yo.



Manifestasyon Boza

Konsèy Boza Somerville la jere oubyen sipòte plis pase 30 manifestasyon chak ane, tankou Art Beat, SomerStreets, ak PorchFest.

TRANSPÒ AK ENFRASTRIKTI

Objektif yo pou Transpò ak Enfrastriki nan SomerVision 2030 abòde divès sijè (al gade pwochen paj la). Yo gen ladann ni refleksyon pwofon sou fason pou pwoteje dwa pasaj pou pwojè tankou Urban Rail Radial Project la ansanm ak kesyon taktik lavi toulejou tankou anboutejay. Anplisdesa, seksyon sa a konsidere ki tip amelyorasyon nan dlo, egou, enèji ak sèvis leta bay ki nesesè pou sipòte kwasans pi devan ak yon vil ki bèl ak fonksyonèl.

Byennandi, youn nan pi gwo nouvèl pou Transpò ak Enfrastriki se Ekstansyon Liy Vèt la, y ap konstiwi kontinye an. Pwojè sa ki ta dwe fini an 2021, y ap travay sou li depi plizyè dizèn lane epi li pral amelyore drastikman aksè a nan transpò publik. Kou 6 nouveau estasyon yo louvri, 85% nan popilasyon an pral nan yon distans ki mwens pase 1/2 mil yon estasyon MBTA.

Yon lòt gwo priyore pou Transpò ak Enfrastriki se Vision Zero, yo te lanse an septanm 2017. Vision Zero se yon inisyativ mondial pou kreye yon rezo wout san moun ki mouri ni blese grav. Inisyativ sa a gen ladann aksyon tankou bese limit vites toupatou nan vil la ak planifikasyon ak developman koridò pou bisiklèt ki pwoteje andedan paking, pasaj pyeton ki please estratejikman, nouveau bòrn siyal ak plis toujou.

Pandan sa, Vil la t ap travay pou modènize epi aktyalize sistèm dlo ak egou nou yo. Travo enfrastriki pa toujou entresan, men nou tout nou apresye twalèt ki floche ak anba kay ki sèch. Vil la ap travay alèkile pou separe egou yo nan

Somerville Avenue epi l ap planife yon nouveau koneksyon egou an konjonksyon ak pwojè MBTA GLX lan. Epitou Vil la fèk ranplase yon egou an brik sou Cedar Street epi li te tire pwofi de opòtinite sa a pou entwodwi amelyorasyon enpòtan pou kalme sikilasyon an pandan re-dalaj lari a yo te fè apre sa.

Pou jwenn plis enfòmasyon konsènan mizanplas ki byen reyisi, gade nan SomerVision2040.com.

Somerville gen 5yèm pi gwo pousantaj moun ki ale tounen sou bisiklèt nan peyi a depi 2017, kote **9% moun ki ale-vini nan Vil la sou bisiklèt**.

Sous: Lig Amerikèn Moun ki monte Bisiklèt, "Where We Ride: An Analysis of Bicycle Commuting in American Cities"

Mizanplas ki byen reyisi: Transpò ak Enfrastriki



Ekstansyon Liy Vèt la

Konstirksyon GLX lan kòmanse, epi yo prevwa ke tout nouveau estasyon yo pral louvri anvan fen lane 2021.

Foto: GLX Constructors



Enfrastriki pou Bisiklèt

Depi SomerVision 2030, kat (4) mil koulwa pou bisiklèt nou yo ogmante a 17! Sa a se anplis de makaj vwa pataje, paking pou bisiklèt ak estasyon pou mare Blue Bike yo.



Chemen pou vwazen

Eksperyans bon mache ak penti ede kreye ri ki pi sekirize pou pyeton toupatou nan vil la.

Foto: Somerville Neighborways

Objektif SomerVision 2030 yo: Transpò ak Enfrastrikti

1. **Transpò de mas** | Kreye yon rezo transpò de mas ki aksesib nan tout vil la ak tout itilizatè yo, ak amelyorasyon fizik ak enfòmasyonèl inovatè ki fasil pou itilize epi kote koneksyon entèmodal yo san pwoblèm.
2. **Transpò altènativ** | Ogmante opsyon transpò aktif ak altènativ yo; bese anboutejay epi pwomouvvwa politik ak ankourajman ki baze sou lye travay pou chwa mòd transpò, orè travay ak anplasman travay la.
3. **Bisiklèt ak Pyeton yo** | Devlope kilti bisiklèt ak pyeton nan transfòme enfrastrikti ki la déjà pou akeyi moun sou bisiklèt ak pyeton yo, pou kreye rezo ki san danje, aksesib ak byen konekte.
4. **Wout ak Rezo Transpò** | Itilize amelyorasyon teknoloji ak enfrastrikti pou jwenn yon balans ant pyeton, moun sou bisiklèt, veykil prive ak transpò de mas; redwi anboutejay ak polisyon; redwi espas sou wout ki rezève pou machin prive epi libere potansyèl devlopman ekonomik la anmenmtan n ap kenbe yon pwogram antretyen wout ki rezonab fiskalman.
5. **Paking** | Jere òf ak demann pou paking yon fason ki fleksib, rasyonèl ak inovatè.
6. **Otowout, Pon, Dwa Pasaj Tren** | Konekte vil la: adapte, refè dizayn epi konstwi, jan sa nesesè, wout, pon, chemen ak dwa pasaj pou amelyore rezo transpò yo epi relye katye yo ak sant komèsyal yo andedan Somerville ak pi lwen toujou.
7. **Sistèm Dlo** | Ofri yon sistèm dlo potab bon kalite ki san danje ki byen antretni, ki solvab finansyèman epi ki kapab adapte ak kwasans vil la.
8. **Egou ak Glo lapli** | Amelyore sistèm jesyon dlo lapli ak dlo sal yo pou separe plis toujou dlo lapli ak dlo egou epi sipòte nivo kwasans fiti ki dezirab.
9. **Dirabilite** | Maksimize dirabilite anviwònmantal nan dizayn ak mizanplas tout sistèm enfrastrikti yo.
10. **Oto-sifizans enèjetik** | Pwogrese pou atenn oto-sifizans enèjetik nan ogmante òf elektrisite ki jenere lokalman epi redwi demann enèjetik pou chak moun.
11. **Sèvis leta bay tankou dlo, elektrisite, elatriye** | Asire enfrastrikti sèvis leta yo sifi an tèrm de kapasite ak kalite, ke li itilize pibon teknoloji ki dsponib yo, ke li gen redondans (bakòp) epi li sipòte nivo kwasans nou vle reyalize pi devan.

LOJMAN

Lojman te vin yon pi gwo pwoblèm toujou pou Somerville depi yo te adopte SomerVision 2030. Seksyon SomerVision 2030 sa a analize fason pou kreye plis chwa nan lojman, pwomouvwa bon tip devlopman lojman, anpeche delokalizasyon, redwi kantite moun ki sanzabri ep sipòte ekosistèm resous nou genyen an. Sepandan, difikilte yo la toujou: yon etid sou Potansyèl Mache Rezidansyèl pou 2015 montre ke 4,330 kay reprezante mache potansyèl anyèl la pou lojman nan Somerville. Sa vle di ke objektif lojman nou an ki se 6,000 nouveau inite sou 20tan ta ka absòbe apre 1.4 lane sèlman!

Sèten nan premye etap yo ki soti nan SomerVision 2030 egzije plis rechèch ak dyalòg pou detèmine bon estrateji yo. An 2015, Vil la te etabli Gwoup Travay sou Katye ki Dirab, ki rasanble 29 ekspè, rezidan ki pati prenant, defansè kominate ak pwofesyonèl imobiliye. Responsabilite yo se te devlope apwòch ki pwotee ak prezève loman ki bon mache nan vil la epi ki ogmante resous Vil la pou kreye inite anplis. Rezulta efò yo te pibliye 2zan apresa epi te gen ladann 18 rekòmandasyon pou reyalize objektif sa yo. Anpil nan mizanplas ki te byen reysiyo ki liste nan seksyon sa a se lide gwoup sa a te diskite ansanm.

Yon lòt eleman kle nan rechèch la se te Evalyasyon Bezwen Lojman nan lane 2015, yo te òganize an konfòmite ak Òdonans pou Zonaj Enklizif (Inclusionary Zoning Ordinance) Vil la pou evalye si nenpòt nan amelyorasyon yo fè nan òdonans lan nesesè. Evalyasyon an te idantifye 285 inite ki riske vin pa bon mache ankò anvan 2020 epi li te endike lòt mank nan stòk lojman bon mache ki la kounye a. Epitou, rapò a di ke pandan

Objektif SomerVision 2030 yo: Lojman

- Chwa** | Prezève ak devlope yon melanj entegre epi ekilibre inite pou lwe ak pou achte ki san danje, bon mache epi bon pou anviwònman an pou fanmi tout gwasè ak tout kalite moun ki soti nan tout gwoup sosyo-ekonomik.
- Pwojè imobiliye izaj miks, ki oryante sou transpò ale-retou** | Pwomouvwa pwojè imobiliye pou izaj miks, revni miks, ki oryante sou transpò ale-retou pou ofri nouvo opsyon nan lojman ak anplwa.
- Delokalizasyon** | Redwi relokalizasyon rezidan ki gen ti revni ak sa yo ki gen revni mwayen; pou fè sa, se pou n kenbe stòk lojman bon mache yo epi etabli politik ki pèmèt rezidan yo rete nan kay yo malgre vil la ap chanje.
- Sanzabri** | Kreye divès pwogram ki anpeche moun vin sanzabri epi jwenn yon solisyon pou bezwen nan lojman sanzabri yo ak moun ki riske pèdi kay yo.
- Resous ak Kapasite** | Ogmante resous finansyè, òganizasyonèl, pwogramatik, ak lòt kalite toujou ki disponib pou lojman.

ke revni mwayen kay moun k ap lwe nan Somerville pa plis pase \$58,510 pou yon ane, yo ta bezwen yon revni ki plis pase \$95,000 pou peye lwaye mansyèl mwayen yo obsèvè nan vil la.

Vil la te kòmanse konsètasyon sou kesyon sa a selon yon pèspektiv rejyonal. Ekip Entèvansyon pou Lojman Majistra yo (Metro Mayors Coalition Regional Housing Task Force) idantifye 15 minisipalite nan kowalisyon an te ajoute prèske 110,000 rezidan ak 148,000 nouveau djòb depi 2010, pandan yo te otorize sèlman 32,500 nouveau inite lojman. Fòk yo ogmante kantite inite pou asire pral gen ase lojman abòdab nan rejyon an.

Pou pri lojman ka bon mache, sa pa demann sèlman sou òf la, sepandan. Pwogram yo pou anpeche delokalizasyon, pou ede fanmi ki pa gen anpil revni wenn ak rete nan kay yo, pou anpeche eviksyon epi pou konekte moun ak resous yo bezwen empòtan menmjan pou gen yon ekosistèm lojman ki aksesib. Biwo Estabilite Lojman an se yon nouvo depatman Vil la ki pral travay sou dosye sa yo; li pral ofri sèvis pwofesyonèl pou ede rezidan yo rete Somerville malgre menas delokalizasyon an.

Al gade Mizanplas ki byen reyisi yo pou kapab wenn plis inisyativ yo te fin fè oubyen y ap fè kounye an.

Pou jwenn plis enfòmasyon osijè mizanplas ki byen reyisi, al gade nan SomerVision2040.com.



Plis pase yon tyè nan kay Somerville yo, ikonpri ni moun ki lwe ni moun ki pwopriyetè kay yo, ap soufri anba pri lojman yo, selon Estimasyon sou 5kan ACS pou 2012-2016 yo. Sa vle di, y ap depanse plis pase 30% nan revni yo nan depans lojman.

Successes in Implementation: Housing



100 Kay (100 Homes)

26 fwaye te evite relokalizasyon poutèt 47 inite pou lwe nou te kreye depi 2014 grasa pwogram 100 Homes lan.



Chaj Lyezon (Linkage Fee)

Pou chak pwojè imobilye komèsyal ki plis pase 30,000 pye kare, pwomotè yo peye \$10 pou chak pye kare nan yon fon pou kreyasyon ak prezèvasyon lojman ki bon mache.



Zonaj Enklizif

An 2016, Konsèy Aldermen lan te vote pou ogmante to zonaj enklizif la pou 20% toupatou nan Vil la pou tout pwojè imobilye ki gen omwens 18 inite.
Foto: DiscoverUSQ.com



Pwochen
Etap yo

Pwochen Etap yo

Prèske 10zan pase depi SomerVision 2030, epi nou akonpli anpil bagay. Men nou p ap rete chita p ap fè anyen nan Somerville, kidonk kounye a li lè pou n analize gwo travay kominote a epi aktyalize plan an pou pwchen 20 lane yo.

PWODUI LIVRAB KI PI ENPÒTAN YO

Youn nan objektif kle Vil la pandan pwosesis sa a se pou kreye yon Wèbsayt Plan Konplè ki “Vivan” ki:

- nan yon fòma ki fasil pou konsilte rapidman epi pou entèprete anmenmtan l ap bay detay ak analiz ki nesesè yo;
- tradui nan lang Panyòl, Pòtigè ak Kreyòl Ayisyen;
- oryante aksyon ki pi enpòtan yo pou pwoche 5 lane yo;
- aktyalize regilyèman pou swiv pwogrè yo.

Anplisdesa, Vil la pral kreye yon dokiman SomerVision 2040 Konsèy Aldermen lan kapan adopte.

OBJEKTIF POU PWOSESIS YO

Pwosesis kreyasyon SomerVision 2040 lan se yon pwosesis ki pral publik, ki pral rasanble yon kantite manm kominote a, si posib. Nou pral travay pou òganize yon pwosesis ki:

- bay tout moun aksè kèlkeswa fason an, kenepòt si se sou Entènèt oswa fas-a-fas;
- ankouraje dyalòg byen elve ak akeyan ki bati sou respè mityèl ak konpasyon, menm lòske sijè yo difisil;
- ofri yon opòtinite pou vwazen yo arann konnen youn lòt epi konprann pibyen pèspektiv ki diferan;

- enklizif ak akeyan, mentou ki sible ak efikas; ki respekte sakrifis tan yo patisipan ap fè;
- ouvè epi ki apresye fidbak ki konstriktif.


CHEMEN KI PI DEVAN AN

SomerVision 2040 p ap rekòmanse a zewo. Olye sa, n ap eseye bati sou pwosesis kominotè a kit e pwodui SomerVision 2030 epi n ap planifye pou pral aktyalize, retire ak aoute, jan sa nesesè, avèk èd ni patisipan 2030 yo ni ak moun ki fèk vini yo. Nou pral afiche SomerVision2040.com pandan n ap pwograme eleman pwosesis la, men chak evènman, inisyativ oubyen opòtinite pou moun patisipe ap an relasyon avèk youn oswa plizyè eleman nan plan an ki anba la a:

OBJEKTIF YO. Ki objektif ki bezwen aktyalize? Ki objektif ki t ap manje? Angajman yon gran pati nan kominote a—kèlkeswa si yo voye yon kòmantè kout sou Entènèt, yon konvèsayon fas-a-fas pandan yon evènman Konsèy Boza (Arts Council) la òganize oubyen yon diskisyon pandan yon sesyon planifikasyon SomerVision 2040—pral nou etabli yon lis objektif yo ki fè sans.

CHIFYO (NUMBERS). SomerVision Numbers kapab difisil pou diskite paske chif yo ka sanble abstrè anpil, men li enpòtan pou ekilibre rezabilite ak ambisyon. Konvèsayon Teknik ki kore ak done, rechèch ak pi bon pratik yo se pral zouti nou ki pi enpòtan pou detèmine objektif nou vle fikse yo.

POLITIK AK AKSYON. Se lis “tout bagay pou fè” Vil ak kominote a, epi se pral pwobableman eleman an ki chanje leplis pa rapò ak SomerVision 2030. Nou pa kapab prevwa egzakteman



How can we maximize all of our priorities on Somerville’s four square miles?

The above shows a pocket park (2,000 square feet), a housing unit (1,125 square feet), and a job (250 square feet).

This helps illustrate the potential trade-offs we will need to consider, as goals that we set for one priority will affect the feasibility of other goals.

ki aksyon ki pral fè sans pi devan, men nou kapab analize sa n ap fè a epi reflechi sou novo lide ak inisyativ.

ETABLI PRIYORITE A. Komite Direktè a pral gen responsabilite pou li anreistre tout enfòmasyon li te resevwa konsènan Objektif, Chif, Politik ak Aksyon yo epi ede estaf la deside sa ki pi enpòtan. Yo pral ede etabli priyorite a nan aksyon pou pwochen 5 lane yo epi y ap petèt dwe reponn tou lòt kesyon difisil ki parèt pandan pwosesis la.

VIN PATISIPE!

Vil sa a ap planifye yon pwosesis ki pral ankourae fidbak nan divès aktivite, sanwete dine ak vwazen w yo, evènman tip konferans Teknik ak konvèsayon dekontrakte avèt staf nVil la nan evènman piblik yo. Nou espere rapò sa a ba w mizajou ou bezwen yo pou kòmanse reflechi sou kesyon difisil nou pral abòde ak tout kominote a. Men kèk kesyon nou te tande kominote a t ap pale dènyèman:

- Kijan nou ka agrandi ak pwoteje forè ibèn nou an?
- Konbyen inite lojman ki bon mache Vil la ta dwe prevwa pou li kreye anvan fen 2040?
- Kian nou kapab ogmante sifas espas deyò nou an?
- Kijan nou kapab kontinye devlope fòs fiscal Vil la?
- Kisa Vil la kapab fè pou anpeche delokalizasyon rezidansyèl epi kenbe lojman an bon mache ak aksesib pou anpil tip fwaye diferan?
- Kian nou kapab ekilibre tout pwojè priyorité yo k ap goumen pou menm espas la?
- Ki objektif Vil la ta dwe fikse pa rapò ak chanjman klimatik la ak dirabilite anviwònmantal?
- Kijan nou kapab konstwi yon kominote ki pi ekitab pou popilasyon divèsyife nou an?
- Kijan nou kapab sipòte biznis endependan nou yo, espesyalman biznis ki pou minorite yo?
- Ki objektif ki gen pou wè ak lasante nou ta renmen enkli nan SomerVision 2040?
- Èske gen objektif ki manke nan SomerVision 2030 nou ta renmen enkli nan SomerVision 2040?



Pwobableman gen anpil lòt kesyon toujou, epi sa a se yon bon opòtinite pou n kesyone tout moun.

Al gade nan **SomerVision2040.com** pou jwenn plis enfòmasyon osijè fason ou kapab patisipe nan pwosesis kominotè enpòtan sa a.



**City of Somerville
Mayor Joseph A. Curtatone
January 2019
SomerVision2040.com**